



Inifòm Lekòl la

Pou lekòl la:

Chemiz ki gen Kòl Ble Marin
Nenpòt koulè pantalon / jip / bout
pantalon (san twou / anba jenou yo)


Pou Edikasyon Fizik:

Tichòt FLC

Pantalon oswa chòt espò

San inifòm = 1 èdtan nan detansyon

ID



Ou dwe
toujou gen
yon ID. Pa
domaje ID ou.
Bliye ID ou =
peye \$1
Pèdi ID ou =
peye \$5

Materyèl Didaktik pou Lekòl la

Senk (5) Blòk Nòt pou
1 Matyè
Kreyon / Plim Katab



Orè Lekòl la

*Lekòl la louvri pou dejene: 7:15 –
7:45 AM*

Klas yo Kòmanse: 7:55 AM

*Klas yo fini: 2:59 PM (lendi, madi,
jedi, vandredi)*

*Klas yo fini: 1:59 PM
(mèkredi)*

Dejene gratis
Repa midi gratis
SEPTA Transpass Gratis
(otobis / charyo / tren)
si w ap viv sou yon distans
1.5+ mil
avèk lekòl la


Jwenn Transpass pandan
Sesyon Konsiltatif (Advisory)
mèkredi/jedi/vandredi

Dat Distribisyon Bilten:

Soti 7 pou rive 9 Novanm 2018
Soti 13 pou rive 15 Fevriye 2019
Soti 15 pou rive 17 Avril 2019
4 Jen 2019

Tradiksyon / Entèpretasyon
215-400-4180, ekstansyon. #4

Newcomer Learning Academy (NLA)




Franklin Learning Center (FLC)



616 N. 15th Street
Philadelphia, PA 19130
215-400-7570

Biwo Pwogram Akademik
nan Anpil Lan ak Pwogram
Distri Lekòl Philadelphia /
215-400-4240

Nou kontan wè ou nan NLA ki nan FLC



Newcomer Learning Academy Center se pou elèv ki:

- gen laj 14 – 20 tan,
- fèk antre nan Etazini, epi
- pale yon lang natifnatal ki pa Anglè.

Nou enskri elèv yo nan Sant Evalyasyon Milti-Lang (Multilingual Assessment Center, MAC): 215-400-4240 (Chwa 1). Si yon elèv gen yon relvednòt lekòl segondè, nou ka bay li nan Biwo Lis Elèv FLC oswa MAC.

Kondisyon Distri Lekòl Philadelphia pou elèv yo diplome se 23.5 kredi: Anglè (4), Istwa/Syans Sosyal (4), Matematik (3-4), Syans (3-4), limanite (2), kou ki pa obligatwa (4), edikasyon fizik (1) sante (.5), ak yon lang mondyal (2).

Li enpòtan anpil pou elèv yo prezan nan lekòl la. Si ou absan nan lekòl la, ou bezwen yon nòt (lèt) ki gen siyati paran / responsab legal ou. Si ou absan pou plis pase 3 jou, ou bezwen vini avèk nòt yon doktè. Yon absans “motive” pou maladi, yon moun nan fanmi a ki mouri, yon deplasman ak klas la, yon jou ferye akòz yon fèt relijye. Si ou gen kesyon, tanpri pale avèk pwofesè Konsiltatif la.

Si ou gen yon “ranvwa bonè,” (ou ale lakay ou

bonè), ou bezwen yon nòt paran/responsab legal ou. Si ou pa gen laj 18 tan, se paran/responsab legal ou ki dwe vin chèche ou. Li dwe gen yon ID ki gen foto.

Lè ou malad, tanpri fè pwofesè ou konnen sa. Si ou pran medikaman, ou dwe bay enfimyè ki nan Sal 111 medikaman an.

NLA gen 8 pwofesè ak plizyè Asistan Konseye Bileng (Bilingual Counseling Assistants, BCA). Yon konseye lekòl FLC pral ede ou avèk planifikasyon pou kolèj ak karyè ak sipò sosyal / emosyonèl. BCA ap ede ou avèk tradiksyon, sèvis sosyal ak sipò kominotè.

Konsekans pou konduit negatif gen ladan “detansyon.” Detansyon se yon èdtan anplis oswa siplemantè apre lekòl la lage pou elèv ki:

- rive anreta nan lekòl la oswa nan klas la,
- “diminye” nan klas (pa ale nan klas), epi/oswa
- patisipe nan konduit negatif (move) nan klas la, nan koulwa lekòl la, nan kafeterya a, nan deplasman lekòl la, antre-soti lekòl la, elatriye.

Règ NLA/FLC

Wi pou fè nouvo zanmi, pou reflechi, pou poze kesyon epi pou aprann! **Wi pou** antre nan klèb, gwoup mizik epi pou jwe espò!



Nou pa aksepte telefòn selilè nan klas la



Pa mete chapo nan lekòl la

Nou pa aksepte moun finen, bwè alkòl oswa pran dwòg



Nou pa aksepte Zouti
Nou pa aksepte Zam

